## АДÆМИ ЗÆРДÆ ÆНЦОНДАРÆН КУД ÆЙ, УОТÆ ÆНЦОНКЪАХÆН ДÆР ÆЙ!..



***БЕГИЗАТИ Кермен (1898-1937) финсæг, публицист: «Соцъайæй мæмæ æгириддæр неци ес, – æлхъивд æвзаг фæддирзæг æй.., фал мин мæстаг æй, царди фадуæттæ адæмбæл æмхузон цурст ке нæ ’нцæ...» Уотæ кæд æма кæд загъта. Ци хузи цардарæзтитæй нæ «фæххайгин» ан, уæддæр уавæртæ еци хузийæй изайунцæ...***


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№5 (925) 2024 анзи 10 февраль – комахсæни мæйæ

Аргъ 1 туман


## ÆРГОМ ДЗУБАНДИ



### ПЛАТИ Альбинæ: «ЕС НÆМÆ БАРÆУАДЗÆ ГЪУДДÆГУТÆ АРАЗУНÆН ГЪÆУГÆ РАВГИТÆ!..»

***Нуртæкки социалон-экономикон уавæрти бæлвурд хиццагдæр равгитæй е æй, æма амалгъонади архайдæн ес агъазкæнуйнади хузи райсæн 350 мин сомей уæнгæ фæрæзнитæ æма уой фæрци хе минкъий бизнес парахат кæнун. Мадта хе агъазадон хæдзаради райрæзтæн дæр гæнæн ес 200 мин сомей уæнгæ райсун. Еума ахсгиаг æздæх – кустагор адæмæн фæййагъаз кæнун аккаг кустбæл фæххуæст уни фæййагъаз кæнун. Æртæ анзей дæргъи нæ республики 1060 кустгъон адæймагемæн агъазгонд æрцудæй куст иссерунæн...***

***Аци æма ма берæ æндæр, æхсæнадæн дæр æма хецæн адæймæгутæн ахсгиаг фарстати фæдбæл цудæй æргом дзубанди, нæ республики Хецауади Сæрдари хуæдæййевæг Плати Альбинæн æрæги дзиллон хабархæссæг фæрæзнити минæвæртти хæццæ ци фембæлд адтæй, уоми. Уæлдай лæмбунæг æргом ба æздæхт цудæй социалон къабæзти гъуддæгути нерæнгæ ци арæзт æрцудæй æма ма си идарддæр дæр ци арæзт цæудзæнæй, уомæ.***

Амалгъонтæмæ сæ архайди, уæдта кустагор адæймæгутæмæ фæккæсунæн паддзахади ’рдигæй агъазгонд цæуй. Уой фæдбæл дзоргæй, **Плати Альбинæ** куд баханхæ кодта, утемæй дехгонд фæрæзнитæн сæ зингæдæр хай æнцæ федералон, уомæ гæсгæ ба сæ харз кæнунмæ цæуй сæрмагонд цæстдард. Дзуапп сæбæл дæттунцæ куд сæ харзгæнгутæ, утæ бæлвурдгонд цæунцæ фæллойнадон-социалон райрæзти министради æма æ дæлкъабæзти косгути ’рдигæй дæр. Æ радзубандий ма куд баханхæ кодта, утемæй нæ республики цæхгæр райрæзтæй, æхе хъауритæй ка архайуй, уони нимæдзæ. 2021 анзæй абони уæнгæ сæ нимæдзæ иссæй дууинсæй мин адæймагей бæрцæ.

Фембæлди рæстæг устур æргом æздæхт æрцудæй нæ республики культурон царди хабæрттæ æма цаутæмæ. Берæ зæрдæмæдзæугæ гъуддæгути фæдбæл си раудæй дзубанди.

3

## АХСГИАГ ГЪУДДАГ

ВЫБОРЫ ПРЕЗИДЕНТА РОССИИ
15–17 МАРТА 2024

### ЦЕНТРОН ÆВЗАРÆН КЪАМИС ИГЪОСУН КÆНУЙ...

Зундгонд куд æй, утемæй 15-17 мартъий рацæудзæнæнцæ Уæрæсей Федераций Президенти æвзурститæ. Æма нæ бæсти Центрон æвзарæн къамис куд игъосун кæнуй, утемæй Президенти бунатмæ кандидаттæй федаргонд æрцудæнцæ цуппар адæймаги: нæ бæсти нури разамонæг **Владимир Путин** (æвзурстити архайдзæнæй куд хе бавдесæг кандидат, утæ), Уæрæсей либералон-демократон партий раздзæуæг **Леонид Слуцкий**, Паддзахадон Думи вице-спикер **Владислав Даванков** (парти «Нæуæг адæймæгутæ»-йи) æма Уæрæсей Федераций Компартий иуонг, Паддзахадон Думи Идард Искæсæни æма Арктики райрæзти фæдбæл Комитети сæрдар **Николай Харитонов**.

Центрон æвзарæн къамис ма куд игъосун кæнуй, утемæй берæ фæсарæйнаг паддзахæдтæмæ æрвист æрцудæй хунди гæгъæдитæ, цæмæй сæ минæвæртти исæрветонцæ Уæрæсей Федераций Президенти æвзурстити фæткæмæ цæстдарунмæ.

Уой туххæй æвзарæн къамиси сæрдар **Эллæ Памфилова** утæ загъта:

– Зундгонд куд æй, утемæй æвзарæн къамисæн барæ ес, цæмæй Президенти радон æвзурститæмæ цæстдарунмæ æрбахона фæсарæйнаг бæстити минæвæртти. Еци фадуатæй испайда кæнгæй, къамиси номæй нуриуæнгæ уæхæн хунди гæгъæдитæ рарвистан 95 бæсти минæвæрттæмæ.



Цæгат Иристони адæмон финсæг **Даурати Хангерийи фурт Дамирбæл** 14 феврали æнхæст кæнуй фондз æма цуппаринсæй анзи. Æма ин, æ кæстæри кæстæр (æ кизгæ Зареми фурт) **Рæмонти Махарбеги** хæццæ ист кæми ’й, еци къарæ бæлвурд нисанеуæгæй мухур кæнæн. Номдзуд уруссаг поэт Аннæ Ахматова кæддæр утæ ниффинста: «Я только сею. Собирать придут другие...» Уомæй растдæр æма æнхæстдæр ма куд зæгъдзæнæ исфæлдистадон хъазауати сæйрагдæр нисанæвæрди туххæй!.. Æма Дамири фæллæнтти туххæй дæр æнæмæнгæ зæгъун æнгъезуй: æ берæвæрсуг исфæлдистадон хъиамæттæй тауй, нæ адæми нури фæлтæртæн дæр æма нæ исуйнаг фæлтæртæн дæр цардгъондзийнадæдæттæг ка исуодзæнæй, еци тауйнæгтæ: нæ дзиллæ алкæддæр сæрустур кæмæй æма цæмæй адтæнцæ, еци цаутæ æма хабæрттæ æ документалон уадзимисти исфæлгонц кодта æма уой фæрци æносонгонд æрцудæнцæ. Угæ уобæл берæ дæр ци дзорæн – кæсетæ Даурати Дамири киунугутæ, æма æцæгæйдæр утæ ке æй, уомæй нæ хæццæ исарази уодзинайтæ. Абони ба нæ газети 4-7-аг фæрстæбæл мухур кæнæн æ хæццæ нæ радзубанди æма æ уадзимистæй кæцидæрти.

*Октябригъæуи 2-аг астæуккаг скъолай æвдæймаг къласæн æрæги лæвæрд æрцудæй аци ахургæнæндони рауагъдон Хъæцмæзти Артури ном – е 2022 анзи 24 феврали æхсаргинæй фæммард æй сæрмагонд тугъдон операций рæстæг, æ тугъдон ихæстæ Херсони облæсти æнхæст кæнгæй. Аккаггонд ин æрцудæй Лæгдзийнади орден (æ фæсмæрдæ). Сæрмагонд номбæлдарæн вымпел лæвæрд æрцудæй хуæздæр ахурдзауæн, кæци æфсæддон хайии службæ кодта, уордæмæ ба скъолайæй раветдзæнæнцæ гуманитарон агъаз.*

## ГЪÆУУОН ХÆДЗАРАДÆ



Цæгат Иристони гъæуuон хæдзаради министр Къусрати Алан куд фегъосун кодта, утемæй ахсгиаг гъæуyонхæдзарадон проекттæ æнтæстгиндæрæй æнхæст кæнунæн æма къабази райрæзти нæуæг программитæмæ бавналунæн 2024 анзи нæ республики паддзахадон агъази хузи, еумæ райсгæй дехгонд æрцæудзæнæй 1 миллиард сомемæй фулдæр. Министрадæ æма иннæ цæстдарæг профилон ведомствитæн ихæсгонд æрцудæй, цæмæй еугур нисангонд фæрæзнитæ дæр афойнадæбæл хъæртонцæ фермертæ æма иннæ гъæуyонхæдзарадон товаруадзгутæмæ. Хæстæгдæр æнзти ахсгиагдæр программитæбæл дзоргæй, министр куд фæннисан кодта, утемæй нуртæккæ ведомствæ республики муниципалитетти хæццæ цæттæ кæнуй гъæугæ гæгъæдитæ бундорон гъæуyон цæрæн бунæтти райрæзти федералон проекттæн.

## ÆРИГÆНТТИ ТУРИЗМ



Цæгат Иристони июли арæзт æрцæудзæнæй æригон туристти Еугуруæрæсеуон форум. Куд нисангонд цæуй, утемæй си архайдзæнæнцæ уæрæсейаг регионтæй 500 æригон минæварæмæй фулдæр. Форум махмæ арæзт ке 'рцæудзæнæй, е уой æвдесæн æй, æма уæхæн агъазиау мадзæлттæн нæмæ гъæугæ фадуæттæ ке ес, уæдта сæ арæзунмæ дæр хуарз ке арæхсæн.

Аци форуми сæйрагдæр нисан ба æй ирæзгæ фæлтæрти нæ бæсти регионти зæрдæбæлдарæн бунæттæ æма æрдзи алæмæтдзийнæдти хæццæ базонгæ кæнун. Махмæ ка æрæмбурд уодзæнæй, еци æригæнттæн ба бацæттæ кæндзæнæнцæ цæмæдесаг бæстæзонæн æма хеерхæфсæн программæ. Бицœутæ æма кизгуттæ æнхæст кæндзæнæнцæ аллихузон рохситауæн проекттæ дæр.

## ÆМГУСТАДÆ



Цæгатиристойнаг компанити къуар «Бæгæнифицæн хæдзарæ «Бавари»-й зæрди ес æ уагъд продукци Сербимæ æрветуни тухх<0xD3><0x95>й бадзурд исфедар кæнун. Мæскуй рацæуæг хуайраги еугуруæрæсеуон равдист «Продэкспо»-йи архайгæй, аци хабар фегъосун кодта компаний коммерцион директор Абойти Заур. Æ загъд фæббæлвурд кодта: «Сербий минæвæрттæ се 'ргом раздахтонцæ нæ къумæлмæ. Адгин дон уадзунæн гъæугæ сæйраг бауæргъæдтæй еуей æлхæнунæн аргъ цæмæй фæййасландæр уа, уобæл, уæдта Азербайджанмæ нæ продукци æрветунбæл бадзубанди кодтан. Устурдæр æлхæнгутæй еуей фæрци нæ уагъд продукци бæрцæ ке фæффулдæр уодзæнæй, уобæл бафедудтан. Амæй размæ аци æлхæнгутæ адгин дони хæццæ баст кæд нæ адтæнцæ, уæддæр æмгустадæбæл бадзубанди кодтан.

## ХАБÆРТТÆ. ЦАУТÆ. НИСАНТÆ.

Цæгат Иристони экономики ирæзти министри фиццаг хуæдæййевæг Олег Быкадоров СЦТА-йи уацхæссæгæн куд радзурдта, утемæй 2023 анзи фæсарæнтæмæ нæ республики агропромышленнон комплекси продукци æрветуни ихæс æнхæстгонд æрцудæй 4,4 хатти фулдæремæй.

Еци продукцимæ хаунцæ хуар æма сойаги культуритæ, картофи муггаг, рæзæ, дон æма спъирти тæвагæ кæмæ нæ хъæртуй, уæхæн ниуæзтæ. Фулдæр æрвист цудæй Гурдзимæ, Абхази, Узбекистан, Турк, Азербайджан, Сомех, Киргизи æма Белоруссимæ.

Еумæ райсгæй, евгъуд анзи нæ республикæй уæлдæр амунд паддзахæдтæмæ æрвист продукций аргъ исхъæрдтæй минкъий гъæуангæ 198 миллион доллæремæ, ихæс 45,2 миллион доллæри уогæй.

* * *

**Донефтонгади æма дон еуварс уадзæн цæгатиристойнаг кустуат æрæги райста нæуæг техникæ: фондз хуæдтолги, «УАЗ-фермер», авд хуæдтолги «Лада Гранта», дууæ хуæдевдæлонгæнæн хуæдтолги «Shacman».**

* * *

Евгъуд анзи аэропорт «Дзæуæгигъæу» æгасцæуай загъта 900 мин бæлццонемæн – е æй, уой размæ анзи хæццæ рабаргæй, финддæс процентти фулдæр.

* * *

**Агротуристон гъæугонд исаразуйнаг æнцæ Æрæдони районы. Уоми иуазгутæн исараздзæнæнцæ минкъий хæдзæрттæ æма сæ зонгæ кæндзæнæнцæ, гъæуун-хæдзарадон куститæ куд æнхæст кæнгæ 'нцæ, уой хæццæ. Уой тухх<0xD3><0x95>й ба си уодзæнæй кæсæлгити цадæ, минкъий фермæ, спортивон æма сувæллæнтти фæзтæ… Аци гъуддаги фæззиндзæнæй инсæй косæн бунати, бюджетмæ феддонтæ ба исхъæртдзæнæнцæ æстдæс миллион сомей уæнгæ.**

* * *

Цæгат Иристони культури министр Фидарати Сослан куд фегъосун кодта, утемæй нæ республики культури хуæздæр уагæдæнттæ æма сæ косгутæ хуарзæнхæгонд цæуздзæнæнцæ æхцай премитæй. Аци анзи бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ исбæлвурд уодзæнæнцæ культури цуппар хуæздæр косæги æма гъæуун культурон артæ артдзæсти. Аци гъуддагæн национ проект «Культурæ»-йи фæлгæти федералон æма республикон бюджеттæй дехгонд цæуй 500 мин соми.

## УÆРÆСЕЙ НАУКИ БОН ИСБÆРÆГ КОДТОНЦÆ ЦÆГАТ ИРИСТОНИ




# ТАУЙНАГ ХУАРЗ МÆРИ РАТТУЙ БÆЛДТАГ ТИЛЛÆГ!..

Уæрæсей 1999 анзæй фæстæмæ алли анз дæр 8 феврали бæрæггонд цæуй нæ фидибæстон науки Бон. Аци бæрæгбони фæдбæл аллихузон цитгингæнæн мадзæлттæ арæзт æрцудæй Цæгат Иристони дæр. Сæрмагонд кадгин æмбурд адтæй Уæрæсей наукити Академий Дзæуæгигъæуи наукон центри. Æрæмбурд си æнцæ Цæгат Иристони наукон æхсæнади алли къабæзти архайгутæ. Уонæн райарфæ кæнунмæ 'рбацудæнцæ нæ республики разамунд, хецаудзийнади берæ къабæзти минæвæрттæ. **Сергей Меняйло** æ радзубандий уæлдай æхцæуæнæй баханхæ кодта, нæ ахургæндтæ сæ хъазауатон архайдæй цæйбæрцæбæл агъаз кæнунцæ нæ бæсти размæцудæн. Уони фæллойнæ айдагъ абони пайдайæн нæй, фал уомæй федар бундор æвæрд цæуй исонибони наукон æскъуæлхтитæн.

Æмбурди ахургæндти устур къуар хуарзæнхæгонд æрцудæнцæ республики Сæргълæуууæги Арфи финстæгутæй, Парламенти, наукæ æма ахуради Министради, наукон центрти Кади гæгъæдитæй.

Аци кадгин æмбурди размæ ба Дзæуæгигъæуи наукон центри ахургæндтæн адтæй фембæлд дзиллон хабархæссæг фæрæзнити минæвæртти хæццæ. Зæгъун гъæуй уой, æма нæ фидибæстон науки æртæсæдæ анзей бæрæгбони хæццæ ма исеу æй еума зæрдтагон цау – дæс æма инсæй анзи исæнхæст æй Уæрæсей наукити Академий Дзæуæгигъæуи наукон центрбæл дæр. Æма, гъай-гъайдæр, дзубанди цудæй центри къабæзти архайæй ци бантæстæй, уобæл. Дзубанди ма си рауадæй, нæ науки исонибон циуавæр уодзæнæй, уобæл дæр. Е хъæбæр сагъæссаг æй – фæсевæд уоййасæбæл тулаваст нæбал æнцæ наукон архайдмæ. Уой фæдбæл дзоргæй педагогон наукити кандидат **Верæ Абатурова** загъта:

– Дзубанди дæр ибæл нæййес, Уæрæсей разамунд аллихузон мадзæлттæ ке аразуй æригон ахургæндтæн фæййагъаз кæнунæн, уобæл. Сæрмагонд паддзахадон программи фæрци фæстаг цалдæр анзей дæргъи 6 æригон ахургæндей биййонтæн лæвæрд æрцудæй фатертæ. Уомæй уæлдай ма син ес фадуат аллихузон гранттæ райсуни еристи архайунæн. Уоми рамолунцæ дугай кенæ фулдæр миллион сомей бæрцæ.

Нæ республики спортмæ устур æргом здæхт цæуй. Алли турнирти, чемпионатти æма олимпиадити ка фæууæлахез уй, уони цитгинæй-цитгиндæр искæнунцæ. Æз утæ нæ зæгъун, æма не спортсментæн кадæ кæнун нæ гъæуй. Фал гъæуама утæ цийнæ кæнæн нæ ахургæндти æнтæстдзийнæдтæбæл дæр. Скъолай олимпиадитæ рамолун, уæлдæр ахуради гъуддæгути фескъуæлхун, кандидатон æма докторон диссертацитæ ниффинсун æма сæ багъæуай кæнун спортивон чемпинатти фæууæлахезтæй дæлдæр нæ лæуунцæ. Æма уæд цæмæннæ гъæуама цитгин кæнæн, ахурадæ æма науки устур æскъуæлхтдзийнæдтæ ке кæхи бафтудæй, уони? Республики ирæзт айдагъ спорт æма туризмæй нæй, фал, фиццагидæр, æргом раздахун гъæуй ахурадæ æма наукæмæ.

... Дзурддзæугæ лæгтæй кæддæр еу куд загъта, утемæй бæзгæ тауйнаг барæуадзæ тиллæг хуарз мæри раттуй. Æма наукæ дæр бæзгæ тауйнаги хузæн æй, уой дæр хуарз мæрæ, гъома, аккаг уавæртæ гъæуй, æма уæд æнæмæнгæ ратдзæнæй, ци барæуадзæ тиллæгмæ си æнгъæлмæ кæсæн, уой...

## ХЪÆППÆРЕС

### КЪОФИЙ ХÆЦЦÆ – НАЦИОН ГАЗЕТТÆ ДÆР

Нæ маддæлон æвзаг багъæуай кæнуни æма æ идарддæри райрæзти гъуддаги фæдбæл хуарз хъæппæрес равдиста Дзæуæгигъæуи администраци – сахари къофи кæци рауæнти уæйæгонд цæуй, уонæми фæззиндзæнæнцæ республикон газеттæ: «Рæстдзинад», «Северная Осетия», «Слово», «Дигорæ». Уой тухх<0xD3><0x95>й бадзурд бафинстонцæ къофи цумæн бунæтти хизти разамонгутæ æма «Уæрæсей почтæ». Газет ке багъæуа, е æй аци рауæнти есдзæнæй лæвар, уой тухх<0xD3><0x95>й хæрзтæ сæхемæ райстонцæ къофи цумæн бунæтти хецæуттæ.

«Старбарс»-и къофи цумæн бунæтти хизи хецау **Хетæгкати Тæирбеги** гъуди уæхæн æй:

– Хестæр фæлтæрæн е æхцæуæн уодзæнæй, газеттæ кæсун хъæбæр берæ уарзунцæ. Æма мæнæ аци мадзали фæрци ба, нæ зæрдæ дарæн, кæдимайди ба æригæнттæ дæр фехцулдæр уиyонцæ нæ национ мухур кæсунбæл.

Нерæнгæ бал нæ национ прессæ парахат кæнунæн фæббæрæг кодтонцæ къофи цумæн фондз бунати: Дзæуæгигъæуккаг гъæунги 45/1, Къостай проспект 172-аг хæдзарæ, Чкалови гъæунги 6-аг хæдзарæ, Гугкай-фурти гъæунги 18-аг хæдзарæ, Павленкой гъæунги 75-аг хæдзарæ. Кæд газеттæ сæ кæсгути иссеронцæ, уæд прессæ парахат кæнуни бунæттæ фæффулдæр уодзæнæнцæ.

«Старбарс»-и разамунди фæндæй сæ менютæ финст æнцæ нæ маддæлон æвзагбæл, къофи цумæн бунæтти фегъусуй национ музыкæ. Сахари ма фæззиндтæй цалдæр музыкалон бадæни, уони исконд утæ арæзт æй, æма си изæлуй национ зартæ. Къофий аргъ утæ хъазар дæр ку нæй – æдеугурæй сæдæ соми.

Аци хабар фегъосун кодта Дзæуæгигъæуи администраций прессслужбæ.



## ГЪУДДАГИ КУ БАЦÆУАЙ, УÆД РÆУÆНТТÆ МА АГОРÆ, ФАЛ АРХАЙДÆЙ ФЕСКЪУÆЛХÆ!..




# ПЛАТИ Альбинæ: «БАРÆУАДЗÆ ГЪУДДÆГУТÆ АРАЗУНÆН НÆМÆ ГЪÆУГÆ РАВГИТÆ ДÆР ЕС!..»

– Цæгат Иристон æ национ културæ æма аййевади алæмæтдзийнадæй игъустгонд æй куд æнæгъæнæ Уæрæсей, уотæ дуйней берæ рауæнти дæр, – загъта Плати Альбинæ. – Дзæуæгигъæу ба бæлвурдæй алкæддæр адтæй æма нерæнгæ дæр æй Цæгат Кавкази културон сæйраг сахар. Æма нин гъæуама уотид сæрустурдзийнадæ ма уа, фал никки æнтæстгиндæрæй пайда кæнун гъæуй, ци гæнæнтæ æма равгитæ нæмæ ес, уонæй. Нæ синхаг регионтæ сæхуæдтæ дæр, æвæдзи, исарази уодзæнæнцæ уобæл, æма си еунæгей бон дæр нæй нуртæккæ æхе растаун, мах республики, зæгъæн, цал æма цал аййевадон, уæлдайдæр ба театралон равдиститæ арæзт цæуй, цæйбæрцæ аллихузон фестивальтæ нæмæ фæууй, уомæй. Уомæ гæсгæ нæ хъæбæр фæндуй, цæмæй нæмæ цæмæдесаг фæткитæ идарддæр дæр парахатгонд цæуонцæ, цæмæй нæ фæсевæди фулдæр хай еци мадзæлттæмæ уотид еуварсæй кæсæг ма уонцæ, фал си зæрдиагæй комкоммæ архайуонцæ... Æ радзубандий ма Плати Альбинæ сæрмагондæй æрлæудтæй, Дзæуæгигъæуи 13-19 июли ци театралон фестиваль «Вахтангов. Æ райгурæн бæстæмæ æрæздæхт» арæзт æрцæудзæнæй, уомæ цæттæ кæнуни фæдбæл ци куст цæуй, уой хæццæ баст фарстатæбæл. Куд нисангонд цæуй, уотемæй фестиваль исфедаудзæнæй берæ аллихузон мадзæлттæй. Райдайдзæнæй Сæребари фæзи, гъæунгти театри карнавалти рацудæй, сæрмагонд равдиститæ арæзт æрцæудзæнæй Хетæгкати Къостай номбæл култури æма фæлладуадзæн парки. Спектаклъти архайдзæнæнцæ Ирон æма Уруссаг театрти актертæ, уæдта нæ иуазæг театралон къуæрттæ. Цубур дзурдæй, нæ республики дууæ устур театрти сценитæ уæгъдæ нæ уодзæнæнцæ.

Зундгонд куд æй, уотемæй аци анз бæрæггонд цæудзæнæнцæ цалдæр ахсгиаг цауей бæрæгбæнттæ. Уони сæйрагдæртæй æнцæ: Иристон Уæрæсей хæццæ байеууни 250 анзей, Дзæуæгигъæубæл 240 анзей исæнхæсти æма нæ республикæн автономий 100 анзей юбилейтæ.

– Иристон Уæрæсей хæццæ ке байеу æй, уобæл 250 анзи исæнхæсти бæрæгбон арæзт цæудзæнæй Уæрæсей Бони хæццæ, 11-12 июни,– фегъосун кодта Плати Альбинæ.– Сæребари фæзи арæзт æрцæудзæнæй устур концерт, Сабурдзийнади проспектбæл дæр æвдист цæудзæнæнцæ аллихузон тематикон мадзæлттæ. Уæхæн бæрæгбæнттæ ма арæзт æрцæудзæнæй республики районти дæр. Иристони автономи исбæрæг кæндзинан 6-7 июли, Дзæуæгигъæубæл 240 анзи исæнхæсти бон ба хауй, сахарæн æхе бæрæгбон алкæддæр кæд бæрæггонд фæццæуй, уæдмæ – сентябри фæстаг сабатмæ. Уой уæлæнхасæн ма 9-15 октябри Мæскуй арæзт æрцæудзæнæй берæ аллихузон цæмæдесаг мадзæлттæй гъæздуг къуæре. Нæ бæсти сæйраг сахари ма арæзт æрцæудзæнæй нæ къеретæ кæнуни фестиваль дæр. Хетæгкати Къостабæл 165 анзи исæнхæсти бон ба бæлвурддæй разиндзæнæй, Мæскуй 15 октябри ци устур концерт арæзт æрцæудзæнæй, уоми. Ами нæхемæ ба, Наригъæуи уой фæдбæл арæзт æрцæудзæнæнцæ театралон æма поэтикон изæртæ.

Журналистти хæццæ фембæлди рæстæг дзубанди рацудæй, нуртæккæ куд Уæрæсей æнæгъæнæйдæр, уотæ нæ республики дæр хъæбæр сагъæссаг ка æй, еци фарстабæл – косæг кадрти кадавардзийнади фæдбæл. Плати Альбинæ куд баханхæ кодта, уотемæй нæ республики зингæ-зингæ ирæзуй уæледарæс хуйуни къабазæ. Цалдæр нæуæг кустуати нæмæ байгон æй, уомæн æма æй пайдахæссæг куст. Фал си косгутæ ба нæ фагæ кæнуй. Фæллойнадон базар ке хонæн, уоми алкæддæр косгутæ агурдæуй еци къабази 300 бунатемæ. Фарæ Æрæдони районы равзурстонцæ, 35-40 косæг бунати кæми адтайдæ, уæхæн хуйæн цех байгон кæнун, фал си неци рауадæй, уомæн æма си косгутæ нæ фагæ кодта. Е берæ цæйдæрти фуд æй.

– Зæгъун гъæуй уой, æма советон доги дæр рæуæг промышленность нимад адтæй, минкъий æфтуйæггæгтæ ка хаста, уæхæн къабазæбæл, уомæ гæсгæ ба си алкæддæр кусти мизд дæр ниллæг уидæ, – загъта Плати Альбинæ. – Нуртæккæ дæр хуйгути мизд хъæртуй 27-28 мин сомей уæнгæ æма е ба, иннæ кустадон къабæзти хæццæ рабаргæй, ниллæг æй.

Уæхæн уавæри ’нцæ трамвай æскъæргутæ, аразгутæ, агориамайгутæ, хуаргутæ æма сантехникти куститæ дæр. Зингæ хиццагдæр уавæри ’нцæ æхсæнадон хуæлци къабази архайæг кустуæттæ – уонæми ба косгутæ хъæртгæ дæр нæ кæнунцæ, æма рауагъдонти уайтæккæдæр раскъæфунцæ сæхемæ, уæлдайдæр ба – хуæрæндæнттæмæ.

Лæдæрд æй е дæр, æма, зæгъæн, зурнæйзелæг кенæ газæй æндадзæги хъиамæти бæсти æригон адæймаг равзардзæнæй кафей кенæ бари косæги бунат, еу сменæмæ си 2-2,5 мини кæдзосæй дæ дзиппи ку изайа, уæд уæззау кусти æхе ургæфтуд кæнунбæл куд исарази уодзæнæй.

– Ахид уотæ рауайуй, æма æригæнттæй, ци дæсниадæбæл фæййахур кодтонцæ, е си иронх дæр ма фæууй æма имæ ефстæгутæ раздæхунцæ фæстæмæ, – зæгъуй Плати Альбинæ. – Уотемæй ба си беретæбæл паддзахади ’рдигæй сæ исахур кæнунбæл дзæвгарæ фæрæзнитæ харзгонд æрцæуй. Уомæ гæсгæ ба раст уодзæнæй, уæхæн равги фæрци ка исахур кодта, уотемæй ба, ци кустмæ ’й цæттæ кодтонцæ, уомæй ка тиллеф кæнуй, уонæй алкедæр гъæуама бафеда ахури фæсте, цæйбæрцæ ибæл харзгонд æрцудæй, еци æхцатæ æ кустæй. Адтæй уæхæн хабæрттæ дæр, æма ахурмæ сæрмагондæй æрвист ка ’рцудæй, фал æ комкоммæ кустмæ ба ка нæбал раздахтæй, уæхæнттæ иваргонд æрцудæнцæ. Мæнмæ гæсгæ, е раст æй.

Идарддæр куст цæудзæнæй цубуркъох бийнонтæн социалон феддонтæ дæттуни куст дæр. Аци анз уомæн дехгонд æрцæудзæнæй 15 миллиард соми.

Фембæлди рæстæг ма журналисттæ се ’ргом раздахтонцæ културон артдзæститæй цалдæрей бундоронæй исцалцæг кæнуни фарстатæмæ дæр. Æма Плати Альбинæ куд фегъосун кодта, уотемæй Къостай музейи цалцæггæнæг куститæ кæронмæ æнхæстгонд æрцæудзæнæнцæ æ райгурæн бонмæ. Исцалцæг си кæндзæнæнцæ музейи раззаг фарс, балкъонтæ æма азгъунсти медæгæй куститæ дæр фæуууодзæнæнцæ. Нерæнгæ бал цæттæ æй сметæ. Националон музейи директори хæццæ ба тагъд рæстæгмæ каст æрцæудзæнæй цалцæггæнæн куститæн подрядон организацитæ иссеруни, уæдта кустити æргъти хæццæ баст фарстатæмæ. Ирон литератури музейи кæронмæ фæхъхъæртунцæ цалцæггæнæг куститæ, гъæуама уалдзæги байгон уа.

Гæздæнти Гайтой номбæл библиотеки цалцæггæнæн куститæ ба аци анз нæ райдайдзæнæнцæ, уомæн æма ин айдагъ æ сæр баййевунæн гъæуй дæс миллион соми. Æма вице-премьер куд загъта, уотемæй нуртæккæ уæхæн фæрæзнитæ радех кæнунæн равгитæ нæма ес, гъæудзæнæй бангъæлмæ кæсун.

***Æрмæг мухурмæ бацæттæ кодта***
***БИЧИЛТИ Алетæ***

РАСАГЪÆСКÆНУЙНАГ ФАРСТА

## КÆМИ АГУРДÆУА ДÆСНИ КОСГУТÆ?


ТУАТИ Зæринæ

Федералон хъалонти служби 2023 анзи кусти бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ, Цæгат Иристони ес 17,5 мин минкъий æма рæстæмбес амалгъонади кустуати æма си косунцæ 85 мин адæймагемæй фулдæр. Уонæй 16,7 мини æнцæ амалгъон адæймæгутæ æма юридикон æхсæнæдтæ, 28,6 мин адæймаги ба – хе гъуддæгутæбæл хуæст ка ’й, уæхæнттæ. 2022 анзи хæццæ рабаргæй, нæуæгарæзт кустуæтти нимæдзæ фæффулдæр æй 10,6 проценти.

Æрæги ма сæбæл бафтудæй никки еу, минкъий амалгъон кустуат «Профи». Æ разамонæг – Цæгат Иристони Хетæгкати Къостай номбæл паддзахадон университети физикон-техникон факультети уæледарæс аразуни хайади рауагъдон Туати Зæринæ. Аци кустуат фиццаг къахдзæфтæ кæнгæй хуйуй нæ национ æма уруссаг орнаменттæй аййевгонд фæсевæдон уæледарæс: пъолцитæ, хæдæнттæ «Джигит», зæгъгæ, 1-6 къласти сувæллæнттæн, каргун нæлгоймæгтæн, æнхæст кæнунцæ мæскуйаг дизайнерти курдиæдтæ. Е ба дзорæг æй, сæ куст бæрзонд домæнтæн дзуапп ке дæттуй, уобæл.

Ауæхæн æхцæуæн хабæрттæй коллектив зæрдрохс куд нæ уа! Уогæ, кустади куд фæууй, уотæ сæмæ нерæнгæ ма ес сагъæссаг фарстатæ дæр, уонæн сæ сæйрагдæр ба – косгутæ ерун.

– Нæ микъий кустуати бон æй фондз адæймагемæн кусти бунæттæ раттун, – зæгъуй Туати Зæринæ. – Фал фæлтæрдгун хуйгутæ хъæбæр зин æй иссерун. Хуйгути училище æма ЦИПУ-и рауагъдонтæ уой бæсти туканмæ косунмæ бацæудзæнæнцæ. Каргун хуйгутæ мæмæ ку ’рбацæуй, уæд уони ба зиндæр фæууй кусти нæуæг фæззелæнтæбæл исахур кæнун.

Ес мæмæ, нуриккон домæнтæн дзуапп ка дæттуй, уæхæн хуйæн машинкитæ, сауæнгæ ма салам дæр раттунцæ, ку сæ искосун кæнай, уæд. Берæ хуйæн фабрикити ауæхæн нæуæг косæнгæрзтæ нæййес. Сæ программæ æй уруссаг æвзагбæл, æма фæлтæрдгун косæгæн æнцон уодзæнæй æ балæдæрун...

Нуртæккæ Туати Зæринæн æ гъудитæ баст æнцæ кустуати райарæзти хæццæ, фæндуй æй аллихузон паддзахадон проекттæ æма программити архайун. Уæхæн фадуат дæттуй, минкъий æма рæстæмбес амалгъонади кустуæттæн республики ци национ проекттæ ес, етæ. Фал, ка си косдзæнæй, еци специалисттæ ба кæми агурдæуа?..

**Уæрæсей 15 феврали бæрæггонд цæудзæнæй тугъдонтæ-интернационалистти номерæн Бон. Уой фæдбæл Цæгат Иристони дæр арæзт æрцæуй аллихузон мадзæлттæ.**

***зонун, нæ адæми ’хсæн бæрнон бунати куд зин косæн æй, уой. Дамир еугур зинти сæрти дæр рахизтæй æма байзадæй кæдзосæй. Аци бæнтти ме ’рдхуард Даурати Дамирбæл æнхæст кæнуй цуппаринсæй анзи – арфиаг гъуддæгутæй æнхæст æнзтæ. Æма ин зæрдиагæй арфæ кæнун. Бантæсæд ма ин никки фулдæр Иристони, ирон адæми фарнæн, æхе зæрдирайæн.***





ДАУРАТИ Дамир сæ черкесаг æрвадтæлти минæвæртти хæццæ: æ галеуварсæй Хъæрæсе-Черкесий адæмон финсæг Джафагар ДАУРОВ, æ рахесфарсæй ба медицини профессор Борис ДАУРОВ.

Дор дæр мин хъæбæр хъазар æй. Минкъийæй мæмæ хъæбæр устур кастæй, фæтæн, еуæй-еу хатт ибæл мæхе дæргъæмæ рауадзгæй дæр бадинæ. Кæстæр хуæрæ ма мин адтæй, Заремæ, æма еумæ еци дорбæл бадгæй нæ мадæмæ æнгъæлмæ кастан, кæд æрæздæхдзæнæй будурæй, колхозон дзол нин æ хæццæ кæд æрбахæсдзæнæй. Мæ хуæрæ цуппар анземæй фулдæр нæ рацардæй, еци тухст æма æстонг æнзти цидæр незæй æ дæндæгутæ рагъзалдæнцæ. Абони ма ’й минкъийтæ гъуди кæнун, уæддæр æ медбилхудт ба мæ цæститæбæл еудадзуг уайуй. Бахатир кæнетæ, мæхецæн кизгæ ку райгурдæй, уæд дуккаг бон сæйгæдонæмæ ниццудтæн æма ме ’фсийнæмæ гæгъæдибæл финстæй мæнæ аци рæнгъитæ барвистон: «Нуртæккæ ес дæ хæццæ Даурати Заремæ…»

**– Æригонæй дæмæ ци бæлдитæ адтæй, уонæй дин æнæнхæстгондæй кæцитæ байзадæнцæ, уæдта циуавæр фæндитæ дæмæ адтæй фæстæдæр царди аразунæн, уой хæццæ дæ исфæлдистади дæр?**

– Адтæй æма ес, кæдмæ сæ римæхсдзæнæн? Скъолай историй уроктæ берæ уарзтон, мæ ахургæнæг ба адтæй Æгайти Александр. Еухатт исбадтæн æма мæ бонуги ниффинстон мæнæ ауæхæн рæнгъитæ: «Æхца мæмæ ку уидæ, уæд Италимæ рандæуинæ...». Еци идард паддзахади туххæй нин нæ ахургæнæг ку дзоридæ, уæд бæлдтæн уоми рæсугъд сахар Рим фæууинунмæ, Венеций гъæунгтæ-цæугæдæнтти бæлæгъи рабалци кæнунмæ, бæгъатæр æма домбай Спартак кæмити тох кодта, еци будурти мæ къах æрæвæрунмæ... Гъулæггагæн, мæ бæлдæ уотид бæлдæй байзадæй…

Иннæ… Евгъуд æноси æвдайæймаг æнзти кустон партий райкоми инструкторæй. Еухатт нæ гъæусовети уæди сæрдар Æлбегати Валодимæ бацудтæн æма ин мæ фæндæ загътон. Зæгъун, нæ гъæуæй тугъди будури ка адтæй, етæ се ’цæг дуйнемæ еугайæй цæунцæ, гъæйдæ æма уотæ бакæнæн æма син кенæ гъæуи астæу, кенæ ба гъæугæрон хецæн уæлмæрдтæн бунат иссерæн, – уæлæ Дзæуæгигъæуи Намуси Аллейæ куд æй, уотæ Валоди æхуæдæг дæр тугъди ветерантæй адтæй, балæдæрдтæй мæ, исарази æй мæ хъæппæресбæл, фал мин уотæ зæгъта, гъома, нæ депутатти номбæл, дан, бацæттæ кæнæ дæ курдиадæ, дæ гъудитæ ниффинсæ æма ибæл еу бон æрдзубанди кæндзинан. Æрдзубанди ибæл кодтонцæ æма не ’сарази ’нцæ. Ирон лæг, дан, гъæуама æ бийнойнаги, æ хеуæнтти рази æвæрд æрцæуа, цардæгас ма ка ’й, еци ветерантæ дæр дин не ’сарази уодзæнæнцæ дæ фæндæбæл. Ка ’й зонуй, уæд мæхе сæ хæццæ радзубанди кæнун гъудæй, фал уæд цæмæндæр мæ къохтæ æруагътон, нур ба ма фæсмон бæргæ кæнун…

Исфæлдистади дæр мин цидæртæ мæ зæрди фæндон нæ рауадæнцæ. Фал мин си тæккæ зиндæр æй еу хатт ма Лондонмæ ке нæбал рандæ дæн, е. Мæ киунугæ «Ироны портрет Мæйыл», зондзинайтæ, финст æй нæ номдзуд æмзæнхон ахургонд Токати Гогкий туххæй. Уой цæттæ кæнгæй имæ сауæнгæ Лондони дæр адтæн – уоми ин цæргæ рауадæй цæйдæрти фудæй. Æма уæд Гогкий хæццæ бадзубанди кодтан, цæмæй æй нæуæгæй бабæрæг кæнон, кæддæр нæ фидтæлтæ еци рауæни зæнхæбæл ке цардæнцæ, уой фæдбæл хабæрттæ исбæлвурд кæнунмæ, нæуæг киунугæ ниффинсунæн.

Нæ фæндæй неци рауадæй. Фиццаг хатт уордæмæ идард балций рандæунæн мин фæййагъаз кодта Иристони уæди фиццаг Президент, мæ раздæри Устур ахургæнæг Галазти Æхсарбег, фал ме ’рбаздæхтæй дууæ мæйей фæсте нæуæг æвзурстити адæм Æхсарбеги фарс нæбал рахуæстæнцæ æма еци бунати æрбадтæй Дзасохти Александр. Æвзурстити рæстæг мæмæ е æ адæмæй кедæр исминæвар кодта, фæййагъаз, дан, мин кæнæд. Куд ин гъæуама ма фæййагъаз кодтайнæ, мæ ахургæнæгбæл гадзирахаттæй куд гъæуама рацудайнæ? Æма Æхсарбеги фарсмæ балæудтæн... Нæ фæсмон кæнун, кæд мæ балци фæкъкъех æй, уæддæр – нæуæг президент мæ уордæмæ нæбал рауагъта, фæззæрдихудт мæбæл æй…

**– Ду, Дамир, нæ бæсти зундгонддæр финсгутæй кедæрти хæццæ нæ исæмбалдайсæ, е ми не ’руагæс кæнуй…**

– Дууей хæццæ. Æфсади басслужбæ кæнуни фæсте мæ фæндадтæй Мæскуй Литературон институт каст ку фæцайнæ, е. Фæлварæнтæ нæма райдæдтонцæ, утемæй нин институти зали фембæлд адтæй зундгонд советон поэт, искурдиадæгин лирик Василий Федорови хæццæ. Æз ин æ поэзи берæ уарзтон, Батумий киунугути тукани ин е ’мдзæвгити æмбурдгонд «Марьина роща», зæгъгæ, балхæдтон, къазармай мæ тумбочки адтæй, еухатт æй мæ хæццæ æфсæддон ахуртæмæ дæр фæххастон.

Нæ фембæлд ку фæцæй, уæд имæ бандиудтон, мæхе ин байамудтон æма мин уотæ зæгъуй, æз дæр, дан, конкурси къамиси иуонгтæй еу дæн, де ’мдзæвгитæ дин кастæн, дæ муггаг, дан, дин мæ зæрдæбæл бадардтон. Æхцæуæн мин адтæй. Фæстагмæ нин е ’мдзæвгитæй цалдæр бакастæй:

– Белым-бело, белым-бело…
По северу кочуя,
Я видел лебедя крыло,
Я видел лебедя крыло…
Им подметали… в чуме…

Уæдæй нуриуæнгæ цал æма цал анзи рацудæй, фал ми аци фондз мæтъæл рæнгъи нæ иронх кæнунцæ, мæ меднимæр сæ мæхецæн бакæсун, ци цауи кой кæнуй е мæ цæститæбæл ку рауайуй, уæдта мæ зæрдæ исресуй…

Иннæ фембæлд ба мин адтæй ами нæхемæ, Беслæнигъæуи, æмбесæхсæвæ. Кæци анз адтæй, уой нур бæлвурд нæбал гъуди кæнун, уæд кустон партий райкоми пропагандæ æма агитаций хайади сæргълæууæгæй. Еу изæр мæ сæр мæ базбæл куддæр æрæвардтон, уотæ мæмæ телефонæй æрбадзурдта ме ’мгъæуккаг Æлбегати Æхсарæ, уæд е фæндаггон милици куста. Æма мин уотæ:

– Мæнæ Беслæнигъæуи сæрмæ пости лæуун. Еу хуæдтолгæ бауорæдтан, æма æ шофер дæр расуг, æ фарсмæ ка бадуй, е ба никки хъæбæрдæр. Уотæ мин зæгъуй, æз, дан, Расул Гамзатов дæн. Æз ба, кæмæй зæгъуй, уой цæсгонæй нæ зонун, хæстæгмæ ’й некæд фæууидтон æма ин æ дзубандитæбæл не ’ууæндун... Еци хузæнæй ба сæ куд рауадзон, надбæл сæбæл ести ку ’рцæуа, уæд мæ бафхуæрдзæнæнцæ...

Мæнмæ е ходæг фæккастæй, зæгъун, æмдзæвгитæ ин радзорун кæнæ, æма уæд исбæрæг уодзæнæй, Расул æй æви нæй, е. Æхсарæ уобæл нæ исарази æй, æрцудæй мæмæ хуæдтолгæй. Æцæгæйдæр нæ устур поэт разиндтæй. Æз ибæл бацийнæ кодтон, лæгæй-лæгмæ ’й фиццаг хатт фæууидтон, æ къох ин хъæбæр нилхъивтон. Куд мин радзурдта, утемæй сæхемæ, Махачкаламæ, æздахтæнцæ Нальчиккæй – уоми кæсæги номдзуд поэт Алим Кешокови исфæлдистадон изæри адтæнцæ, куд фæууй, уотæ фингитæбæл дæр рабадтæнцæ. Расул мæ бафарста Плити Гриси æма Хъайтухъти Георги туххæй, мæ саламтæ, дан, син мæн номæй радтæ. Мæ муггаг æма мин мæ ном æ дзиппидаргæ блокноти ниффинста.

Æз æй зæрдиагæй худтон нæхемæ, зæгъун æхсæвæ махмæ бахсæвеуат кæнетæ, æнафонæ ’й нур цæунæн. Ци нæ ин фæккодтон – нæ мин исарази æй. Æма сæ уæд Æхсарæ сæ разæй цудæй, утемæй Мæхъæли арæни уæнгæ бахъæртун кодта.

Уобæл еуцалдæр анзи рацудæй, утæ мæмæ еубон партий обкоми уæди косæг Сланти Илья телефонæй æрдзурдта, Дагестани, дан, адтан, уоми, дан, нин сæ партий обкоми фембæлд исаразта Расул Гамзатови хæццæ æма нæ е дæу туххæй фарста, уæхæн æма, дан, уæхæни нæ зонетæ, æ ервæзунгæнæг дæ исхудта, æмбесæхсæви, дан æй мæн туххæй милицæ æ гъар хуссæнæй исистун кодтонцæ, саламтæ, дан, ин раттетæ.

**– Зонун æй, ахид дин фæууй фембæлдтитæ дæ киунугæкæсгути хæццæ, берæ цæбæлдæрти дæ фæффæрсунцæ. Æма сæ фарстатæй дин æнæнгъæлти ескæцитæ фæуунцæ?**

– Фæууй уотæ дæр. Уæртæ Заманхъули мæ фарстонцæ фиццаг хатт, дан, тамаку кæд бадумдтай, уæдта фиццаг хатт арахъ кæд баниуазтай, Гизæли скъолай ба ахургæнгутæй еуей цæмæндæр хъæбæр базонун фæндадтæй мæ фиццаг уарзон ка адтæй, уой, æвæдзи, кæмæйдæр ести фегъуста.

Æнæдзуапп ратгæ син куд адтайдæ? Неци сæбæл баримахстон: нуриуæнгæ тамаку мæ цъухи некæдма адтæй. Кæддæр мин сувæллонæй мæ мадæ дзурдта, дæ фидæ, дан, тамакуйæй æ исæфт уидта æма уæд æз дæр загътон: «Нæ думдзæнæн!..» Æфсадмæ ку цудтæн, уæд мæ мадæ катай кодта, уоми, дан, исахур уодзæнæй. Нæ исахур дæн, нецæмæн мæ гъудæй...

Æцæг, арахъ ба ниуазун. Фиццаг хатт мæ цъухмæ исхастон, æхсæзæймаг къласи ку ахур кодтон, уæд, евгъуд æноси дæс æма дууинсæймаг æнзти. Уæд тугъди фæсте мæгур дзамани колхозонтæ будурти æнафæнттæмæ фæккосиуонцæ. Еу зуймон бони мæ мадæ будурæй æрæгæмæ ’рбацудæй æма мин уотæ зæгъуй, дæлæ, дан, нæ синхаг Зæйттатæй арти зинг исдавæ, нæ пеци бандзарæн, кенæдта уазал мæ бауæри иннердæмæ рахизтæй. Ниййафтон си нæ синхæгти дууæ лæги, Сабаз æма Алихани, æмбæлæггаг ниуазæн мæмæ равардтонцæ, куд гъудæй, уотæ арфи дзурдтæ зæгъуни фæсте æй гъæуама сæ еумæ равардтайнæ. Сæ еу æй нæ райста, мах, дан, æмгари цæрæнбони туххæй искувтан, дæхецæн ниуазгæ, дан, æй, ме ’мбæлтти мин ранимадтонцæ. Еудзурдæй, исарази мæ кодтонцæ, баниуазтон æй. Æцæг æй мæ мадæ нæ базудта...

Фиццаг хатт ке бауарзтон, уой ба син не ’сгъæр кодтон, зæгъун, мæ хуæдразмæ партæбæл бадтæй, æ даргъ дзиккотæ ин чернилæдони дæр нитътъунстон, еухатт мæбæл æ мади исардудта æма е мæ мадæмæ ’рбалæбурдта. Фулдæр хæттити куд фæууй, уотæ мæнæн дæр мæ фиццаг уарзтæй неци рауадæй. Гъема Хуцауæй боз дæн, разæй мæмæ æндæр, хуæздæр амонд æнгъæлмæ кастæй...



ДАУРАТИ Дамир æ цардæмбал Фатимæ æма æ кизгæ Зареми хæццæ.

*ХУГАТИ Сергей, Цæгат Иристони адæмон финсæг: «Даурати Дамирæн цæмæдесаг æнцæ æ финст æмдзæвгитæ дæр æма æ документалон уадзимистæ дæр. Уой хæццæ ба мæ сæрмагондæй зæгъун фæндуй æ радзурдти туххæй – етæ 'нцæ æ исфæлдистади тæккæ бæрзонддæр исхезæн. Берæ аллихузон хабæрттæбæл исæмбæлдзæнæй киунугæкæсæг еци радзурдти, зæрдæн æхцæуæн ка уа, уодæн – адгин. Берæ аллихузи адæймæгути хæццæ си базонгæ уодзæнæ æма сæ еугуребæл дæр зæрдæй*

# АЛЦÆМÆЙ ДÆР ДЕССАГДÆР БА – ЦАРДИ ФÆЛКЪУÆРДТÆ...

## ГЪАЗÆН ДЗУБАНДИ – РАЗÆНГАРДГÆНÆГ

Иристони хуæздæр поэттæй еу Къадзати Славик берæ рæстæгути дæргъи нæ республикон радиой аразуй алæмæти культурон-рохсадон радиобакаст «Уацамонгæ». Мæн дæр цалдæр хатти фæххудта уоми архайунмæ. Куд зонун, утемæй си кадæртæ цалдæргай хæттити архайдтонцæ, еуæйеуетæ ба фиццаг хатт. Æма си ци æрæстæфтæн: мæнæ ма еу 10-15 минути ку фæгъгъæуй райдайæнмæ, уæд Славик фæззæгъуй:

– Кæд уи еске микрофонæй «тæрсуй», æ зир-зир цæудзæнæй, уæд, табуафси, мæнæ фæйнæ коньяки баниуазетæ. Ма 'фсæрми кæнетæ...

Еци бæрзæндтæ арæзт лæхъуæн-лæг æхе æргубур кæнуй, æ зæронд стъоли лагъзæй авгæ райсуй.

Мæ рази ин нуриуæнгæ некæд некема исарази æй, неке бакумдта. Æма уæд Славик ба æнæмæнгæ ести игъæлдзæг дзубанди ракæнуй. Мæнæ ци радзурдта еухатт:

– Сæумæй мæ кустмæ куддæр рараст дæн, уотæ мæ синхаг Дзеу мæ тæккæ размæ фæцæй, иннæ хæттитæй игъаугидæр абони æ усхъæбæл дууæ циргъ бели æвæрд, утемæй уæлæ сахари сæрмæ мухури Хæдзари къилдунмæ ин дзæхæрадонæ ес, еудадзуг си зæнхи куститæ фæккæнуй. Мæ цæмæдесдзийнадæ ин æмдзæвги хузи загътон. Зæгъун, æвæдзи, Дзеу исаразта зеу. Дууæ белемæй ба ци кæнис, зæгъгæ, мæ фарстамæ бахудтæй æма загъта:

– Еуемæй си косунæй ку бафæллайуон, уæд дуккагæй райдайдзæнæн...

Æма дæлæ фæццæуй.

Еци хабармæ гæсгæ ни еуетæ гъæрæй нихххудтæнцæ, иннетæ ба сæ медбилти байдзулдæнцæ. Уогæ еугурæйдæр балæдæрдтан, косæн уати хецау, нæ разæй нæмæ ци бæрнон радиобакаст æнгъæлмæ кæсуй, уомæ нæ фæрразæнгард кæнунбæл ке архайуй, уой. Уой райдайæнмæ ма нин цалдæр минути байзадæй, æма син уæд æз дæр радзурдтон æрæги мин нæ фусуни туххæй ци загътонцæ, уой.

Радиокомитет Дзæуæгигъæуи Максим Горькийи гъæунгæй æндæр бунатмæ ку райиивтонцæ, уой фæсте бæнттæй мæ еуеми Славик гъуддагон дзубандийæн багъудæй, фал ин уæд æ нæуæг телефони номертæ нæма зудтон. Уæхæн дзамани бадзорун ме 'мбал Цгъойти Хазбимæ, е, цума, нæ устур сахари еугур телефонтæ дæр æ зæрдæбæл даруй, уотæ мæмæ кæсуй.

– Æз дæр ин æ телефони нæуæг номертæ нæма зонун, – балæдæрун мин кодта Хазби. – Фал мæмæ сæ еу номер ес, уомæй сæмæ бадзорæ æма дин æй етæ кæд зæгъиуонцæ.

Æз дæр уотæ бакодтон:

– Зæгъайтæ мин, Къадзати Славик дæр аци косæн уати фæббадуй?

Ме 'мдзорæг еу минкъий нигъгъос æй, уæдта карзæй загъта:

– Къадзати Славик ами бадгæ нæ фæккæнуй, Къадзати Славик ами косгæ фæккæнуй!

Æма хæтæл æрæвардта. Æвæдзи, æз мæ фарста куд исæвардтон, е имæ гъулæг фæккастæй, раст мин æй нæ балæдæрдтæй æма е 'мкосæгти сæрбæл рахуæстæй. Нæуæгæй имæ нæбал бадзурдтон, утæ, зæгъун, ку бангъæла, мæхе рæститæ кæнун, мæ меднимæр, мæнæ ку исæмбæлæн, уæд ин æй радзордзæнæн...

Ме 'мбæлттæ бабæй нæуæгæй бахудтæнцæ, уæлдай зæрдиагдæрæй ба Славик æхуæдæг...



Хуарз æрдхуард сæрустурдзийнадæ æма нифсдæттæг æй. Къари (галеуæрдигæй рахесæрдæмæ): КÆСÆБИТИ Барис, ДАУРАТИ Дамир, БЗИККАТИ Феликс.

* * *

## НÆ ЦУЛУХЪТИ ГЪОСТÆ ÆРХАДТАН...

Æстæймаг къласи ку ахур кодтон, уæд зумæги райдайæни нæ гъæуи тукани фиццаг хатт уæйæмæ фæззиндтæй æфсæддони цулухътæ. Еци мæгур æнзти уонæй хуæздæр, гъардæр къахидарæс иссерæн нæ адтæй. Мæ мадæ мин си балхæдта. Ку сæ искодтон, уæд дуккаг бон кæсун æма уонæй иннæ биццеутæбæл дæр. Фæсурокти нæхемæ ку рараст дæн, уæд мæ фæстегæй æрбайгъæфта ме 'мбал Дударати Аслæнбег:

– Дæлæ дæмæ тегъæбæл Ханджери æнгъæлмæ кæсуй...

Еци Ханджери дæр мæ 'мкъласон адтæй, æнзтæй ба махæй хестæр, æрдзæй хъаурæгин, хили рæстæг нæмунмæ дæсни адтæй, хъæбæрдæр ба æ сæрæй цавта, беретæ си еу минкъий тæргæгомау кодтонцæ. Тегъæмæ ниццудтæн æма уоми ба еу-инсæй биццеуей бæрцæ бамбурд æй. Сæ еугурдæр... нæуæг цулухъгинтæ.

– Сæ цулухъи гъостæ сæ уайунмæ хъор кодтонцæ, гъæйдæ æма сæ æмхузонæй минкъий дæлæмæ æрхатæн. Æмхузон нин ку уонцæ, уæд нин неке неци зæгъдзæнæй... Бадзубанди кодтан?

Бадзубанди кодтан, мадта ма исарази уай.

Алли сæумæ дæр нæмæ скъолай тургъи астæу еумæйаг линейкæ уидæ. Нæ директор Хъулати Мурзабег раздзурд загъта, кедæр растудта, кедæр рафаудта. Уæд дин, æнхæст дзурд нæма фæцæй, утемæй раззаг рæнгъи мæнмæ фæккомкоммæ 'й, хæстæгдæр мæмæ 'рбацудæй, фæстæмæ раздахтæй, сæ еугуребæл дæр æ цæстæ радардта, еу рæстæг сабур ралæудтæй, уæдта æрдæг иронау, æрдæг уруссагау загъта:

– Появился новый вид спорта: цулухъи гъостæ дæлæмæ хатун. Хумæллæги еци спорти фиццаг мастер æй... Даурати Дамир. Мæнæ мæ размæ рацо...

Ци гæнæн мин адтæй, рацудтæн.

– Мæнæ имæ кæсетæ!..

Æз уæд фиццаг хатт фæууидтон уоййасæбæл берæ адæм æмхудт куд никкодтонцæ, уой.

Берæ æнзти фæсте Мурзабег Беслæнигъæуи ку фæззиан æй, уæд мæрдæгъдауи Хумæллæгæй берæ адæм исæмбалдæй, кадæртæ си, кæддæр нæ цулухъти гъостæ куд æрхадтан, уой æримистонцæ, æнæ исходгæ нæ бафæразтан...

* * *

## «УÆЛÆ ХАЛОН ФÆТТÆХУЙ!..»

Евгъуд æноси æртинсæймаг æнзти кæрони кустон Елхотти районы газети редакций, адтæн ами гъæуи футболон команди иуонг. Еухатт гъæзтан Хъахъхъæдори. Фусунти нихмæ фиццаг нимпурст ку исаразтан, уæд æз дæр æма уони биццеутæй дæр еу колдуармæ хæстæг гъæзти æгъдау æмхузонæй фехалдтан. Тæрхонгæнæг, Дзæуæгигъæуæй æрвист лæхъуæн-лæг нин гъæуама нæ дууей астæу нæ къохти бунмæ дзурдтаг хъазмуз æргæлстайдæ, ка уи сæрæндæр разинна, уой фæуæд, зæгъгæ.

Мæ комкоммæ ка лæудтæй, е мæнæй кæстæр адтæй, фæлтæрддзийнадæ имæ фагæ ке нæма адтæй, е бæрæг адтæй æма уомæй испайда кодтон. Мæнæ нуртæккæ хъазмуз тæрхонгæнæги къохæй фæууæгъдæ уодзæнæй, зæгъгæ, уой ку балæдæрдтæн, уæд мæ нихмæлæууæг биццеумæ æваст уотæ фæккодтон:

– Уæлæ, кæсай, халон фæттæхуй!..

Е ин æнæнгъæлти адтæй æма... хæрдмæ искастæй. Мæнæн ба е фагæ адтæй, цæмæй хъазмуз мæхе бакæнон, размæ 'й ратæрон æма 'й фусунти колдуарбæл бакъуæрон. Мæ сайæн загъд мин уоми футболуарзгутæ уæд нæ фегъустонцæ, етæ гъæрæй худтæнцæ, æрдзæф дæр мин ракодтонцæ. Æрæги ба Дзæуæгигъæуи кустуæттæй еуей дуарбæл бацæуйнаг куд адтæн, утемæй мæмæ ами гъæуайгæнгутæй еу лæхъуæн-лæг æ медбилти бахудтæй æма загъта:

– Дамир, уæлæ халон фæттæхуй!..

Ка 'й, уой нæ зудтон, фал кæцæй æй, уой балæдæрдтæн: хъахъхъæдойраг. Кæддæри сæрдæ æримистан, æз, дан, дæ гъазтмæ кæсун уарзтон, æхцæуæн мин адтæй.

Халонæй ке расайдтон, еци биццеуи хæццæ ба лимæнтæ дæр ма иссан, е дæр ралæг æй, æ сæр дæр, сауæнгæ ма æ бæзгин æрфгутæ дæр исуорс æнцæ. Хаттæй-хатт æнæнгъæлти ку фембæлæн, уæд мæбæл бацийнæгæнгæй фæззæгъуй:

– Уæлæ халон фæттæхуй!..

Мæнæн дæр æнæ исходæн нæ фæууй...

* * *

## «ДÆНГ, ДÆНГ, ÆРХАУÆ!..»

Фарæстæймагкъласон адтæн, утемæй архайдтон не скъолай драмон къуари. Фæззæги астæу нæ нæ ахургæнæг Цæлойти Федар еуцалдæремæй фæсурокти бауорæдта æма нин загъта:

– Советон Æфсади бæрæгбонмæ гъæуама бацæттæ кæнæн æма равдесæн пьесæ «Партизантæ»-мæ гæсгæ арæзт спектакль.

Рольтæ иуарунмæ ку 'рхъæрттан, уæд Федар мæнæй райдæдта:

– Немуцаг афицери роли мæнæ Дамирæй хуæздæр неке исфедаудзæнæй.

Еугурæйдæр мæнмæ 'рбакастæнцæ æма худтæнцæ, æз мæхуæдæг дæр, уомæн æма уомæн рæуагæ адтæй... Еци усми мæмæ уотæ кастæй, цума мæ сурх сæригъунтæй алкедæр æ медбунати базмалдæй, цума нæмæ къæразгæй ци хор кастæй, уой тунтæй æрттевагæдæр фæцæнцæ....

Нæ спектакль равдистан колхози культурон артдзæсти. Нуртæккæ уомæн æ кой дæр нæбал æй, берæ æнзти размæ 'й бундзарæй рахафтонцæ, æ бунати неци ма ес. Фал æ рæзти ку фæццæун, уæд кæддæри зуймон уазал изæр мæ цæститæбæл рауайуй...

Спектакли адтæй мæнæ уæхæн нивæ: мæнмæ, немуцаг тингун афицермæ, æ къохтæ баст, утемæй æрбакодтонцæ советон партизани æма 'й фæрсун:

– Зæгъай нин ка дæ, уой, уæдта де 'мбæлттæ кæми 'нцæ?

Зонетæ 'й, советон партизантæ некæд нецæбæл састæнцæ, некæд неци исгъæр кодтонцæ. Æз имæ гъæуама дамбаца ниддардтайнæ æма ин загътайнæ:

– Неци дзорис, нæ? Рамæлæ мадта!..

Æма уæд гъæуама райгъустайдæ гæрах. Рагацау генералон репетиций куд бадзубанди кодтан, утемæй мæ еци æвзисти дзурдти фæсте нæ ахургæнæг æхуæдæг фæссценæй лæдзæгæй æрцавтайдæ фанери гæбазæ. Не 'рцавта, «гæрах» нæ райгъустæй, партизан уæлгоммæ нæ рахаудтæй. Æз æй балæдæрдтæн: нæ ахургæнæгæй æ еци ихæс, æвæдзи, феронх æй. Нур ци киндæуа? Æз нæуæгæй мадзора партизани алливарс мæстгун зилд æркодтон, дамбаца ин æ тæрнихбæл райвардтон æма уæлдай гъæрдæрæй загътон:

– Дæнг, дæнг, æрхауæ!..

Зали бадæг адæм куд зæрдиагæй нихххудтæнцæ, е ма абони дæр мæ гъостæбæл уайуй. Берæ æнзти фæсте мин нæ артдзæсти уæди дуаргæс Кучити Настя цалдæр хатти загъта: æз, дан, уæд ци худтитæ фæккодтон, утæ некæдбал фæхххудтæн. Мæ ахургæнæг ба мин басастæй еци минут, дан, мæхе гъудий æндæмæ рауадтæн...

Æригон дæр ма ку адтæн, уæд Хумæллæги гъæунгти ку рацæуинæ, уæд мæмæ фæстегæй гъæуама еске мæ номæй исдзурдтайдæ. Мæхе имæ фæззилдтайнæ, уæдта зæгъидæ:

– Дæнг, дæнг, æрхауæ!..

Æма уæд дууемæй дæр æмхудт никкæнианæ. Мадта æнæ уомæй куд?

Фæстаг хатт ма е кæд адтæй, е ми феронх æй. Æвæдзи, уоми кæддæри зуймон æхсæви æвдесæн ка адтæй, еци хестæртæ се 'цæг дуйнемæ рандæнцæ, мæхуæдæг дæр мæ кари бацудтæн æма абони кæстæртæ ба æфсæрми кæнунцæ уотæ мæмæ исдзорунмæ...

Номдзуд уруссаг финсæг, публицист Крылов Иван Андрейи фурти райгурдбæл 13 феврали æнхæст кæнуй 255 анзи (1769-1844).

# АФТÆ РАЙГУЫРЫНЦ ÆМДЗÆВГÆТÆ...

## ДИДИНДЖЫТÆ ÆМÆ ЦÆССЫГТÆ

Советон Æфсады рæнхъыты уæвгæйæ нæ иу сæрдыгон райсом æфсæддон ахуыртæм тыгъд быдырмæ акодтой. Уыгæрдæны фаллаг кæрон ауыдтам сылгоймаджы. Базыдтам æй: уый уыд нæ полчы хистæр лейтенант Алексей Козликины мад. Хистæр сержант нын цалдæрæй бабар кодта, зæгъут ын, ам ныртæккæ автоматтæй æхсдзыстæм, зæгъгæ. Стæй ма йæ ныхасыл бафтыдта: «Уемæ йын дидинджытæ æртонут…» Уыгæрдæн та быдираг алыхуызон дидинджытæй йедзаг уыдис.

Бацин ныл кодта урссæр уырыссаг ус, раарфæ нын кодта, бафарста нæ нæ службæйæ, нæ ныййарджытæм пъисмотæ фыссæм æви нæ фыссæм уымæй, стæй нын йæ царды хабæрттæ радзырдта.

Йæ раныхас тынг ныххызт мæ зæрдæмæ. Æхсæвы ме ’мбал æфсæддонтæ тарф фынæй кодтой, æз та старшинайы сусæгæй къазармайы къуымы уыцы сылгоймаджы хъысмæтыл поэмæ фыстон...

*... Сымах федтат, куыд фæкæуынц лæгтæ?*
*Домбай лæгтæ?*
*Æз та федтон... Хæсты.*
*Нæ хъæубæстæ куы уыдысты æмбæхсты,*
*Уæд мæ лæг дæр мастисæгæй ацыд.*
*Мæ бон не сси –*
*Æз æнхъæлмæ кастæн*
*Уыцы аз фыццаг сывæллонмæ.*
*Сусæны мæй æхсæвы æрбацыд*
*Фæстагдæр хатт.*
*Йемæ мын æрхаста*
*Æртæхæвдылд дидинджыты баст,*
*Æмæ сæ мæ цæсгоммæ нылвæстон,*
*Æз куыдтон мæ фырамонддзжынæй,*
*Фæлæ дын æнæнхъæлæджы, æваст*
*Немыцæгтæ бакалдысты уатмæ.*
*Мæ лæджы бон нал баци æхсын дæр.*
*Уаты астæу хъæдмæ йæ ныббастой.*
*Афицер, кæсæнцæстджын, даргъ,*
*Дидинджытæ пъолæй систа.*
*– О, уарзондзинад,*
*Исты йын зонут, исты?*
*Æз дæр хъæды дидинджытæ уарзын...*
*Фæлæ ацы дидинджытæ сты*
*Партизанты!*
*Хъуамæ сæ уд сисой!*
*Раскъæфта фæтæгены цырагъ.*
*Фæтæген сыл бапырх кодта сонтæй,*
*Ныццавта дзы мæ лæджы æхсæрварс,*
*Ныццавта дзы мæ лæджы фæсонтæ*
*Æмæ йын сæ акалдта йæ раз.*
*Мæ лæг дæр ын бацавта йæ фарс*
*Цырыхъхъæй.*
*Стæй йæ альварс амбырд сты:*
*Надтой йæ, надтой...*
*О, куыннæ ысхаудта уæд йæ уд!*
*О, уæд сын куы федтаин сæ мард!*
*Дидинджытыл бафтыдтой арт...*
*Мæ фæсонæрхæджы дæр нæ уыд.*
*Дидинджытæ судзгæ кæй кæнынц,*
*Адæймаг сæ арт кæй ыскæндзæн?!*
*Адæймаг нæ уыдис уый, æвæццæгæн.*
*Æз куыдтон.*
*Мæ лæг дæр куыдта.*
*Йæ цæссыгтæ дидинджытыл хаудысты.*
*Нæ дзæгъæлныфс бæллицтау, хъавыдысты*
*Арт ахуыссын кæнынæл, бæргæ...*
*Фæлæ сæм лæбурдта уый, нæргæ,*
*Дидинджытæ басыгъдысты...*
*Цæссыгтæ дæр басыгъдысты...*
*Нæ Уарзт æмæ нæ Фыдæхы цæссыгтæ.*
*Уыцы æнæхайыры артæвзæгтæ*
*Уæдæй нырмæ мæ буары зилынц.*
*Æнæзынгæ ранæй мæм æвзидынц,*
*Æнæзынгæ ранæй мæм лæбурынц,*
*Хæйрæджытау.*
*Цымæ мæ цы курынц?*
*Мæ цæстыты бон дæр æмæ ’хсæв дæр,*
*Хæдзарагур бæлæттау, тæхынц...*
*Мæ лæджы мын акодтой кæдæмдæр,*
*Фæндаггон у уал азы дæргъы.*
*Ныр мæнмæ æппынæдзух кæсы,*
*Цыма мæм æнæнхъæлæджы ’рцæудзæн,*
*Дидинджыты стыр баст мын æрхæсдзæн,*
*Агурын æй быдыртæ æмæ хъæдты,*
*Агурын æй дидинæгджын рæтты.*
*Арæх мæнæ ардæм дæр цæуын.*
*Дидинджытыл зымæджы кæуын.*
*Хъахъхъæнут сæ, уæ хорзæхæй.*
*Хъахъхъæнут.*
*Автоматтæй уыдоны ’рдæм ма æхсут... –*
*Æмæ ацыд.*
*Кастыстæм йæ фæстæ.*
*О, цы зæрдæ базыдтам, цы зæрдæ!*
*Автоматтæ фидардæр нылхъывтам.*
*– Хъахъхъæндзыстæм! –*
*Не ’ппæт дæр ысдзырдтам.*

***Батуми.***
***1963 аз.***



**Хуæрзæрдхуæрдти фембæлд (галеуæрдигæй рахесæрдæмæ): зундгонд хуæдахур хузæгæнæг КЪОРНАТИ Владимир, Цæгат Иристони адæмон хузæгæнæг ДЗБОЙТИ Михал, æхсæнадон архайæг ЛОЛАТИ Батраз, ДАУРАТИ Дамир.**

## ЛÆППУЙЫ ФÆСМОН...

Мæ сыхаг лæппу мæм æрбацыдис æхца, дам, мын æфстау авæр. Æрæджы Мæскуыйæ сыздæхт, еу-дæс азы бæрц дзы фæцис. Уæдмæ йæ мад дæр амард, йæ фыд дæр. Фæбадтыстæм, фæныхæстæ кодтам йæ царды хабæрттæ кæмдæр куыд рауадысты, цæмæн афтæ, уыдæттæ мын фæдзырдта. Уыдис фæлладхуыз æмæ æнкъард.

Цымæ мæ разы йæ тæригъæдтæ уадзы, уыйау йæ ныхас даргъ монолоджы хуызæн рауад, æз æй ницæмæй фарстон, нæ йæ баурæдтон, æцæг ын фæстагмæ ныхас загътон:

– Афтæ зæронд нæма дæ, ныр ма дыл, Хуыцауы фæндæй, хуыздæр рæстæджытæ дæр скæндзæн...

Уый мын мæ цæстытæм бирæ фæкаст, цыма мæ æцæгæйдæр ахæм ныфсæвæрæн ныхæстæ фехъусын æнхъæл уыд, уыйау.

Æз уыцы æхсæв ме ’нкъард сыхаджы мысинæгтæ раздæр мæ блокноты ныффыссинаг уыдтæн куыддæриддæр сæ фехъуыстон, афтæмæй, фæлæ мæ сæры кæцæйдæр дыууæ поэтикон рæнхъы мæхицæн дæр æнæнхъæлæджы куы рагæпп кодтой, уæд æй æз дæр афтæ ауагътон. Мæнæ дзы цы рауад:

*Кæддæр, æвæдза, цæй фыдуаг уыдтæн!*
*Мæ фыды ныхас ницæмæ дардтон.*
*Мæ сæртæг митæй мæ фæлмæн мады,*
*Мæ фæлмæн мады мæрдтæм батардтон.*
*Ыстыр горæттыл æз бауæндыдтæн.*
*Уым хæлд чызджытæй мæ мондаг уагътон.*
*Æхсæвæй-бонæй сæндæтты бадтæн.*
*Æххуырст фæндыртæ мæ номыл цагътой.*
*Цæй риссаг вæййы æрæджиауы фæсмон?!*
*Цытæ бакуыстон?*
*Мæ сæр кæм уыди?*
*Дысон дæр та мæм мæ ныййарæг мад,*
*Мæ ныййарæг мад мæ фынты ’рцыди.*
*Куы мын-иу дзырдта:*
*– Чындзаг нын равзар, –*
*Æмæ-иу цæссыг æртылд йæ рустыл, -*
*Æппын мацы уа, фæхъæстæ ма уон,*
*Фæхъæстæ ма уон йæ мыды къусæй...*
*Бæргæ раздæхтæн...*
*Фæллад, æгуыдзæг,*
*Кæддæры тентекк, кæддæры æрра.*
*Ничи мæм ракаст...*
*Нæ къæс ныдздзæллаг*
*Нæ рудзгуыты бын æрзад пысыра.*
*Уæлмæрдты кæрон мæ мад, мæ фыд дæр.*
*Мæ сыхæгтæ сын цыртытæ сагътой.*
*Мæхæдæг та сын, сæ иунæг лæппу,*
*Рухсаг ут, зæгъгæ, нырма нæ загътон.*
*Нæ уаты къулыл сау бындз æрфынæй.*
*Мæ мад-иу мын сæ нæ уагъта марын.*
*Нæ йæ хъыгдарын,*
*Нæ йæ хъыгдарын...*
*Уый ма мын баззад ныхасæмбалæй.*

***2014 аз,***
***февраль.***

* * *

## «УÆДДÆР ДÆМ ÆЗ ССАРДЗЫНÆН...»

Кæцыдæр аз нæ хæлар поэт Хæмыцаты Албег мæн æмæ Ходы Камалы радиокомитетмæ бахуыдта микрофоны цур, дам, фæйнæ фондз æмдзæвгæйы бакæсут. Камал мæнæй уæлдай бакаст уымæй размæ Хъайтыхъты Геор æмæ Æлборты Хаджумарыл кæй ныффыста, уыцы пародитæ дæр.

Студийы фæстæ Албеджы кæбинетмæ куы раздæхтыстæм, уæд Албег Камалæн афтæ зæгъы:

– Афтæ ма-иу кæс, ныр та уыдон фысдзысты дæуыл.

Камал цыма Албеджы уыцы фыссинагмæ рагацау цæттæ уыд, уыйау ын хъæддыхæй афтæ куы зæгъид:

– Мæнмæ уыдон пародийы аккаг рæнхъытæ не ’ссардзысты!..

Мæнмæ цæмæндæр йæ дзуапп æгæр къæйных фæкаст æмæ йæм мæхи нал баурæдтон:

– Уыдон куы не ’ссарой, уæддæр дæм æз ссардзынæн!..

Абон дæр æй нæ зонын, бауæндыд мыл, æви нæ бауæндыд, уый, йæ цæстæнгасыл бæрæг нæ уыд.

Къуырийы фæстæ йæм æз фысджыты Цæдисмæ бацыдтæн, мæнæ дæлдæр кæй бакæсай, мæ кæсæг, уыцы рæнхъытæ йын йæ кæбинеты Хæблиаты Сафары цур бакастæн æмæ-иу Камал куы ныххудти, æрмæст мæнæ ацы ныхæстæ загъта дыууæ хатты йæ бæзджын хъæлæсæй:

– Уæллæй ссардтай, уæллæй ссардтай!..

Стæй телефоны хæтæл систа æмæ Албегмæ сдзырдта дæ фæндаг, дам, ма-иу ауылты ракæн, мæнæ мæныл дæр кæдæй-уæдæй пароди ныффыстой...

Сафар нын йæ къуындæг кæбинеты фынг ацарæзта, фæбадтыстæм, фæхудтыстæм...

## «МÆ АДРИС — ЙÆ ТÆККÆ ЦЪУПП ПАРНАСÆН...»

***Кæнын рæнхъамал***
***Ходы Камал***

*Дæлæрдæм акæс – æмæ та дын рæнхъ.*
*Уæлæрдæм азил – уырдыгæй дæр афтæ.*
*Æмæ та ныццæлхъ кæнын, ныццæлхъ,*
*Æз ног зарæг, мæ фыр цинæй кафгæ.*
*Хатт та зилын мæгуыргурау раст,*
*Мæ зонгуытыл хатт мæхи æруадзын.*
*Ракалы мыл чи æхсæнты тас,*
*Чи та мыл йæ бур куыдзы суадзы.*
*Фæлæ зилын.*
*Мæ къæхтæ дарынц мæн.*
*Мæхицæн дæр – дыууæ чызджы даринаг.*
*Бахъæуы æвæджиауы хæрдзтæн*
*Мæ гонорар, –*
*Хъазæнтæ сын, адджинаг.*
*О хорз адæм, ис уын кæд амал,*
*Рарвитут мын фæйнæ рæнхъы, уастæн.*
*Мæ мыггаг – Ходæй,*
*У мæ ном Камал.*
*Мæ адрис –*
*Йæ тæккæ цъупп Парнасæн.*

**Æрдзи туххæй алæмæти цæмæдесаг уадзимистæ исфæлдесæг номдзуд финсæг Бианки Виталий Валентини фурти райгурдбæл 11 феврали æнхæст кæнуй 130 анзи (1894-1959).**

***Как сообщает пресс-служба Социального фонда России по Северной Осетии, с 1 января 2024 года вступили в силу изменения в законодательстве, согласно которым родители не будут терять право на пособие по уходу за ребенком до полутора лет в случае досрочного выхода из декретного отпуска. Новое правило работает также при выходе на работу на неполный рабочий день, на работу на дому и на дистанционную работу. Помимо этого, пособие сохранится у тех, кто в период отпуска по уходу за ребенком трудится у другого работодателя.***

# ХУÆРЗЕУÆГ АДÆЙМАГÆН ÆХЕЦÆЙ ЦÆУЙ!..

## ЦÆЙ ТУХХÆЙ ФÆББОСТÆ ÆЙ БУНАТИХЕЦАУ...

Хуцауи æлгъист фæцæнцæ еу лæгæн æ фурттæ. Маст кодта хæдзари уа, гъæунги уа... Æ уоди бон си нæбал адтæй фидæн, се 'наккаг миути туххæй æндæмæ ракæсун дæр нæбал æндиудта.

– Гъенур ма уи къæсæрæй æндæмæ ка ракæса, уомæн æз фæууинун кæндзæнæн!.. – бартхъерæн кодта еу бон æ цæуæтмæ.

Сæумæраги раистадæй. Кæсуй æма тургъæй мети фæд рацудæй. Рамæстгун æй фидæ, æ фурттæ имæ ке нæ байгъустонцæ, уобæл. Райста фæрæт æма фæд-фæд фæцæуй. Фал æй гъæдæмæ бакодта æма уоми еу бæласи рази фесавдæй.

– Аци бæласæ мæ фидбилиз æй! – исдзурдта лæг.

Уалинмæ имæ бæласи сæрæй дзорунцæ:

– Ци косис, хуарз лæг?

Лæг фесхъиудтæй.

– Кæци дæ?

– Дæ Бунатихецау.

– Æма уоми ци агорис?

– Дæ цæуæттæй мæ уод исунгæг æй: сæхе дæр æма сæ кæрæдзей дæр нæ лæдæрунцæ. Гъема уин уæ хæдзарæ уæхе барæ ниуагътон!

Мадта бийнонтæ кæрæдзей ку нæ фæууарзунцæ, уæд сæ дзиуари хай дæр нæ фæууарзуй.

## АЛЛИ БУНАТÆН ДÆР ХЕЦАУ ЕС

Еу бæлццон изæрдалингити гъæди къохмæ бахъæрттæй. Бæласи буни æ пæлæз æритудта, æ ходæ исиста æма æхе бунати хецаубæл бафæдзахста:

– О бунати бардауæг, табу дæхецæн, де 'уазæг мæ бакæнæ, дæ буни æруолæфтæн æма дæбæл мæхе фæдзæхсун.

Бæлццон рæдзæ-мæдзæ кæнун ку байдæдта, уæд æ гъостæбæл цидæр дзубанди рауадæй:

– Ардæмæ рацо, нæ Нихæсмæ.

– Нæ! Иуазæг мæмæ ес, æхе мæбæл бафæдзахста, æма 'й куд ниуудзон? – дзуапп равардта, ци бæласи буни уолæфунмæ æрбадтæй, уой сæрæй.

Лæг фицгаг къехæй райгъæдæй, фал си бæласи сæрæй ци дзуапп фегъуста, е имæ нифс бауагъта, æма уайтæкки рафунæй æй.

Уотæ алли бунатæн дæр ес хецау, æма дæхе æ иуазæг ку бакæнай, уæд дæбæл ауоддзæнæй.

## ЛÆГЪУЗ УОСÆ

Гъæди, надгæрон бадтæй давгути къуар. Кæсунцæ æма надбæл æрбацæуй федартæарæзт лæг æ дессаг саулох бæхбæл, тохæнгарзæй ба æнхæст. Æ бакаст уæхæн адтæй, æма имæ давгути къуар сæ нифс нæ бахастонцæ.

Дуккаг бон бабæй лæг фæстæмæ 'здахтæй аци надбæл. Æ бакаст адтæй ревæд нимæти хузæн. Давгутæ ин æнцонтæй байстонцæ æ тохæнгарз, æ бæх.

Бæхгин сæмæ дзоруй:

– Рамаретæ мæ.

Фал давгути æ рамарун нæ бафæндадтæй. Æрæгиау æй давгути хестæр фæрсуй:

– Æзинæ дин уæхæн бакаст адтæй æма дæмæ нæ бандиудтан, абони фæстæмæ здæхгæй ба ди нæ фæттарстан. Цæмæн уотæ 'й?

Æма син бæхгин дзуапп равардта:

– Лæгъуз уосæ мин ес, рахецæн си уайнæ, фал нæ сувæллæнттæ ба ци фæуууодзæнæнцæ?.. Æзинæ иуазæгути цудтæн, цийнæ кодтон, мæ бийнойнагæй еу бон ке бауолæфдзæнæн, æма мæ хъаурæ мæхемæ 'рцудæй. Абони бабæй нæуæгæй фембæлдзинан – еци гъуди мин мæ хъаурæ расаста. Уомæн мæмæ бандиудтайтæ сумах дæр. Рамаретæ мæ, мæ тогæй кæд мæ ходуйнаг нихснинæ!

Давгути хестæр ин равардта æ тохæнгæрзтæ, бæх æма загъта:

– Цо изолдæр дæ надбæл.

## ХУАРЗ УОСÆ – ЛÆГГÆНÆГ

Кадæ æма ради хæццæ, намус æма фарни хæццæ цардæй æма адтæй еу зæронд лæг.

Синх, гъæубæстæ æма 'й æнæгъæнæ ком ци гъуддаги туххæй нæ агурдтонцæ, уæхæн нæ адтæй. Еудзурдæй, адтæй коми лæг. Фал хъисмæт ниддæлæ-уæлæ кодта, æма æ цардæмбал, æ цæуæти ниййерæг, æ къæбæргæнæг рамардæй. Æгъдауи хæццæ 'й байвардтонцæ, ке зæгъун æй гъæуй. Еугур комбæстæ дæр си лæггадæгæнæг адтæнцæ.

Рацудæй рæстæг. Зæронд лæг дуккаг уосæ æрхудта. Æма син цард байеудагъ æй. Гъе, фал лæг ферохг æй комбæстæй, гъæубæстæй, синхæй. Некебал æй фарста зундæй, æгъдауæй. Уомæн æма æ дуккаг уосæ разиндтæй фудсилæ, æнæуагæ æма ин æ кадæ, æ намус думгæмæ ниддардта. Комбæсти 'хсæн æй фегадæ кодта.

Дзæгъæли нæ фæззæгъунцæ:

– Хуарз уосæ лæггæнæг, лæгъуз уосæ – æгадæгæнæг.

## АЛКЕДÆР Æ АМОНДМÆ ГÆСГÆ РАЙГУРУЙ

Паддзахмæ, дан, еу уосæ агъазагор бацудæй. Уæд æй паддзах фæрсуй:

– Хуарз уосæ, æма дин неке ес, мæнæй æндæр дин ка фæййагъаз кæна, уæхæн? Цæуæт, хæстæгутæ?

– Куд нæ, куд нæ! Авд фурти мин ес, фал сæ фæдуат нæ амонуй.

– Æма дæ авд фурти цæмæн багъудæй? Мæнæ дин еу мæн хузæн фурт ку исæнтæстайдæ, уæд дæ мæгургор цæун нæ гъудайдæ.

– Дæу хузæн? Дæу хузæн фурт паддзахæй игурд гъæуама уа. Ду дæр дæ лæгдзийнæдти фæрци паддзах нæ дæ, фал дæ мадæн паддзахæй исæнтæстæ. Дæ амонд уæхæн адтæй, æндæр мæн фурттæ дæуæй лæгъуздæр нæ 'нцæ! Фал сæ фидæ зæнхкосæг адтæй. Сæ амонд уæхæн æй.

Паддзах уоси æргом дзубандибæл арф нихходтæй, æ зæрдæмæ фæццудæнцæ æма ин фæййагъаз кодта.



БЕЖАНТИ Вадими конд хузæ.

## МУЛК СИН ИССÆЙ СÆРИНЕЗ

Цардæнцæ æма адтæнцæ дууæ синхаги. Сæ еу бонгин – фонсæй сæудегергæнæг, иннæ мæгур – зæнхкосæг. Гъæздуги хæдзарæ адтæй æддæгуæле, мæгурæн ба – минкъий къæс. Агъазиау тургъæ еудадзуг адтæй мæтъæл, игъæлдзаг адæймаги унæр си некæд райгъустæй. Мæгури тургъæй ба игъустæй царди гъæр. Бийнонтæ æдзохдæр цидæртæ архайдтонцæ, хæдзари зилдтитæ кодтонцæ, цудæй сæмæ иуазгутæ, хæстæгутæ, æма сæ игъæлдзæгдзийнади хæлхъой сæ синхонтæмæ дæр игъустæй.

Бонгини уосæ сæмæ, æхе къæлæтгинбæл рауадзгæй, сæрæй бунмæ ахид кастæй, æма сæ игъæлдзæгдзийнадæй æ зæрдæ рохс адтæй, хицæ сæмæ кодта. Гъудити ранигъулæ, мах гъæздуг ку ан, алцæмæй æнхæст, уотемæй æрхун, сагъæсхуз, царди адæ ку не 'нкъарæн; етæ фургуст ку 'нцæ, марамæлай къæбæргæй ку цæрунцæ, уæд сæмæ еци цæруни нифс æма разæнгарддзийнадæ кæцæй цæуй? Еууæхæни еци фарста равардта æ лæгмæ, æма ин е уотæ зæгъуй:

– Етæ игъæлдзæг уомæн æнцæ æма мæгур æнцæ. Мулки уæзæ æнцон хæссæн нæй. Фæндуй дæ, æма син æз сæ игъæлдзæгдзийнадæ фæссорон?

– Куд? Лæгъуздзийнадæ син маци бакæнæ! – фæттарстæй уосæ.

– Нæ. Анзи æмгъудмæ син инсæй сугъзæрийнæ соми æфстау ратдзæнæн, уæхецæн си ести фæппайда кæнетæ, зæгъгæ, æндæр неци.

Лæг куд загъта, уотæ бакодта. Æма уайтæкки мæгур лæги тургъæ æнкъард кæнун райдæдта. Бийнонтæ катай æма сагъæси бацудæнцæ еци инсæй сугъзæрийнæ сомей туххæй. Еуемæй куд си испайда кæнонцæ, уобæл гъуди кодтонцæ, иннемæй ба син радавунæй тарстæнцæ æма мæти бацудæнцæ...

## «БИЙНОНТÆ ДÆР – КИНДЗИ ЦÆРА, КИНДЗÆ ÆХУÆДÆГ ДÆР – ÆХЕ ЦÆРА...»

Еугæр нæ дзубанди рацудæй бийнонти цард амондгунæй аразуни гъуддаги силгоймаги ахедундзийнадæ цæйбæрцæбæл агъазиау æй, уæд, æвæдзи, зæгъун гъæуй æндæр бийнонтæй сæмæ ка æрбакъахдзæф кæнуй, уони туххæй дæр, гъома, киндзити туххæй дæр. Уой фæдбæл дæр æримисдзинан еума таурæхъ.

Еу нæуæг киндзæ косуни æгъдауæй æ къох дони дæр некæд ратулдта: хæдзарæ не 'фсайдта, хуæруйнаг дæр нæ кодта, сæумæй афойнадæбæл некæд исистадæй. Уæд хæдзари хестæртæ – зæронд лæг æма зæронд уосæ – исфæндæ кодтонцæ сæ киндзи бавзарун. Еубон тургъи гъæрæй хилæ кæнунцæ. Сæ хъæлхъоймæ нæуæг киндзæ къæразгæй ракастæй æма сæ фæрсуй:

– Цæбæл гъæр кæнетæ, ци 'рцудæй?

– Мæнæ нæ федауæн, нæ еу дæр «дон æз исдавдзæнæн», нæ иннæ дæр «нæ, æз æй исдавдзæнæн», зæгъуй.

– Гъома, уобæл хилæ кæнун цæмæн гъæуй: раздæр уи æй уæ еу исдавæд, уæдта уе 'ннæ, – загъта син киндзæ.

* * *

...Еу хæдзарæмæ фæд-фæди æрцудæнцæ дууæ киндзи. Цанæбæрæг рæстæг си рацардæнцæ, уотемæй си еу гъаст кæнуй иннемæн:

– Айæ циуавæр хæдзарæ 'й, циуавæр? Адæймаг си æхе сор хесæрфæнæй нæ ниссæрфдзæнæй.

– Сæумæй раздæр исистисæ æма сор хесæрфæнæй дæхе сæрфдзæнæ, – адтæй инней дзуапп.

Дигорæ
**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **650**. Заказ **№ 278**.
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 09.02.2023.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 09.02.2023.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.**
**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**